



PENILAIAN AKHIR SEMESTER (PAS)  
**SMP ISLAM TERPADU AL BURHAN**

Sambongpuri Mangkubumi Kota Tasikmalaya  
Tahun Pelajaran 2023 / 2024

|                |             |                |                         |       |
|----------------|-------------|----------------|-------------------------|-------|
| Mata Pelajaran | B. SUNDA    | Hari / Tanggal | Sabtu, 09 Desember 2023 | NILAI |
| Kelas          | VII (Tujuh) | Waktu          | 07.30 – 09.00           |       |
| NAMA           |             | .....          |                         |       |

**I. Cakra (x) salasihiji jawaban a, b, c, atawa dinu dianggap pang benerna!**

**1. Pilih salah sahiji jawaban nu paling bener tina pilihan dihandap!**

- Kalimah anu eusina nepikeun omongan jalma séjén ka jalma anu diajak nyarita kalawan bébas henteu saujratna, nyaéta kalimah .....
  - kalimah langsung
  - kalimah campuran
  - kalimah pananya
  - kalimah teu langsung
- Kalimah anu diucapkeun ku nu nyarita ka jalma nu diajak nyaritana, nyaéta kalimah .....
  - kalimah teu langsung
  - kalimah pananya
  - kalimah campuran
  - kalimah langsung
- Paguneman téh dilakukeun ku .....
  - sorangan bari sorana bedas
  - duaan tapi nu ngomongna saurang
  - duaan atawa leuwih bari silih témpas
  - sorangan bari sorana teu kadéngé ku batur
- Anu kaasup paguneman téh nyaéta .....
  - dialog
  - monolog
  - épilog
  - prolog
- Jejer dina paguneman téh nyaéta .....
  - diatur ku nu nyarita
  - bisa naon baé
  - diatur ku nu diajak nyarita
  - teu bisa sambarangan
- Kaasup henteu pantes dilakukeun upama urang keur paguneman téh aya nu .....
  - nyarita dibarung ku pasémon anu marahmay
  - nyarita dibarung ku rengkuh anu merenah
  - nyarita dibarung ku lentong anu merenah
  - nyarita dibarung ku lajag léjég jeung poporongos
- Tatakrama basa Sunda sacara gurat badagna diwangun ku .....
  - ragam basa loma jeung basa hormat
  - ragam basa cohag jeung basa hormat
  - ragam basa hormat keur sorangan jeung keur batur
  - ragam basa loma jeung basa hormat keur ka batur
- Tatakrama basa Sunda maksudna pikeun .....
  - ngawilah-wilah jalma
  - ngahargaan saluhureun
  - silihargaan jeung sasama
  - ngahormat ka atasan
- Tatakrama basa Sunda baheula mah disebut .....
  - panta-pantana basa
  - undak-usuk basa
  - kasar-lemesna basa
  - basa loma jeung hormat
- Kuring kakara balik ti sakola. Dirobah jadi ragam basa hormat .....
  - abdi nembé mulih ti sakola.
  - abdi nembé wangsul ti sakola.
  - abdi nembé mulang ti sakola.
  - abdi kakara mulih ti sakola.
- Kamari kuring papanggih jeung lanceuk manéh. Ragam basa hormatna .....
  - kamari abdi patepang sareng pun lanceuk.
  - kamari abdi patepang sareng pun raka.
  - kamari abdi patepang sareng tuang lanceuk.
  - kamari abdi patepang sareng tuang raka.
- Unggal enjing abdi ..... ka sakola
  - angkat
  - mangkat
  - mios
  - indit
- Adi kuring teu bisa sakola lantaran geuring. Ragam basa hormatna .....
  - Pun adi teu tiasa sakola ku margi udur.
  - Pun adi teu tiasa sakola ku margi teu damang.
  - Pun rai teu tiasa sakola ku margi udur.
  - Rai abdi teu tiasa sakola ku margi teu damang.
- Jalma anu tara daék barang béré kabatur disebut .....
  - buntut kasiran
  - élmu sapi
  - gurat cai
  - heuras létah
- Paguneman dilakukeun .....
  - .....
  - .....
  - .....
  - .....

- A. di mana baé
- B. dina kaayaan dines
- C. di jero kelas
- D. bari dariuk dina korsiKecap dahar lamun dirobah kana basa hormat keur ka batur nyaéta

.....

- |           |          |
|-----------|----------|
| A. neda   | C. emam  |
| B. madang | D. tuang |

16. Kecap embung lamun dirobah kana basa hormat keur sorangan nyaéta .....
- |              |          |
|--------------|----------|
| A. teu kersa | C. alim  |
| B. hoyong    | D. Kersa |

17. Tingali kalimah di handap ieu!  
Indung jeung Anak  
"Mah, aya nu badé ditaroskeun," ceuk Atia.

"Naroskeun naon?Ké, Mamahna capé kénéh,"

jawab indungna. Geus biasa, lamun tas nyanyabaaan, Atia mah sok tetelepék ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju. Harita ogé kakara jol pisan tas piknik ti Maribaya.

"Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria," ceuk indungna deui, bari neutaup... bréh budak téh mani ngembang céngék."Kieu, Mah , naon margina ari naék mobil sok istri heula, ari lungsur sok pameget heula. Geuning tadi ogé, basa naék angkot, Bapamah tipengker naékna lungsumna mah tipayun," pokna.

Naon nu jadi téma dina éta paguneman téh?

- A. Piknik ti Maribaya
  - B. Naék mobil jeung turun mobil
  - C. Indung jeung anak
  - D. Tatakrama naek jeung turun tina mobil
18. Pa Eko :Édo geus tilu poé Cik barudak sugan aya nu apal, ari Édo kamana geus tilu poé?

Sutar :Teu damang, Pa.

.....

Pa Eko :Har, geuning teu ngirim surat "

Pék teruskeun titik-titik di luhur!

- A. Kamari gé tos teu kasakola, pa.
- B. Kamari ogé dicandak ka Rumah Sakit ku mamahna saurna muntabér.
- C. Malihan saur mamahna teu tiasa mapah-mapah acan.
- D. Geubis tina sapedah waktos dinten kamari

19. Kalimah nu merenah ngalarapkeunana
- A. Pun Ua nuju teu damang tos 5 dinten
  - B. Abdi angkat ka Jakarta sareng pun biang
  - C. Bibi abdi nuju udur répot
  - D. Abdi mios tibumi jam 06.30

## II. lengkepan patarosan di handap kalayan bener!

- 20.Jieun kecap nu di wangun ku huruf Vokal / Konsonan dumasar kana rumusna di handap ieu:  
Di awal :  
VKK =.....  
VKV =.....

21. Kalimat pupujian di handap kagolong .....
- Eling-eling dulur kabeh  
Ibadah ulah campoleh  
Bisina kaburu paeh

22. sebutkeun kalimah undak usuk basa di handap Bl, BHS, BHB

Emam.....

Beuteung.....

Indit :.....

23. lengkepan ku ragam basa hormat nu merenah Balik (kasar) – Wangsul (sedang) – Mulih (lemes) – Mantog (panengah-kasar) – Mulang (panengah)
- a. "Mun maranéh rék ayeuna, bareng wé, da kuring gé rék balik ayeuna," ceuk Dudung ka babaturanana.
  - b. "Abdi mah badé ayeuna I téh, Sanggemna mah Titi ogé badé wangsul ayeuna," ceuk Dini ka Bu Ratna.
  - c. " ti mana Ibu?" Pa Rijal nanya ka Bu Ratna.  
"Wangsul ti ITC," tembal Bu Ratna.
  - d. "Lain geura sakieu geus burit, geura ngaji ka dituh!"  
Nining ambek ka adina nu keur ulin.
  - e. "Ari Emang rek iraha téh?" ceuk Pa Kapala Sakola ka Mang Endin, penjaga sakola nu umurna saluhureun
- 24.Jieun Pupujian nu aya patalina sareng cinta Nabi Muhammad saw

